ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№240 (23.398) ● 2016 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. и къуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Къэралым и гуфIэгъуэ махуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зымкI - Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэмкIэ - сынывохъуэхъу.

Закон Нэхъыщхьэм демократиер щытепщэ иджырей къэралым и лъабжьэр игъэтIылъащ, граждан жылагъуэм и зыужьныгъэм и кIежьапIэ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм цIыхубэм конституцэкIэ яIэ хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ пхыгъэкIыным хуэгъэзэа политикэр ирагъэкIуэкI икIи республикэр тыншыпIэхэмрэ шынагъуэншагъэмрэ я щIыналъэ щIыным, абы и инвестицэ зэфIэкIыр къэIэтыным толажьэ.

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэр зыми Iэщ1эмылъ Урысей лъэщым и дамыгъэщ. Дэ ди Хэкум дрогушхуэ икIи кIыптпэщыт социально-экономикэ къаIэнхэр дызэщIыгъуу зэрыдэдгъэкIынум шэч къытесхьэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми мамырыгъэ, фIыгъэ, насып, ефIэкIуэныгъэ яIэну си гуапэщ.

●КЪБР-м и къулыкъущIапIэхэм

КЪБР-м и Правительствэм къалэн щащIащ сабий спорт Iуэхущ1апIэхэм я щытыкIэр щIипщытыкIыну

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщащылъэнущ сабий спорт Iуэхущ1апIэхэм я щытыкIэр. Апхуэдэ къалэн КЪБР-м и Iэтащхьэм къыгъэуващ боксым зыщцыхуагъасэу Налшык дэт пэшитIым щыIэ зэкIэлъпыныкIуагъэхэр илъэгъуа нэужь. КIуэкIуэ Ю. А. зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуигъэуващ а Iуэхущ1апIэхэм екIуалIэ сабийхэр щыпсэумрэ къагъэсэбэп жылагъуэ транспортымрэ къэлъытауэ, Iэмал нэхъыфIхэр здэщыIэ спорт школхэм дыгъэгъаазэм и 25-м нэсыху трагуэшэжыну. Щ1ыналъэм и унафэщIым къызэригъэувам тету, республикэм спортымкIэ и ведомствэм, къэпщытакIуэ органхэм, щхъуакIуэхэм я хуитныныгъэхэм къащхьэщыжынымрэ цIыхум зэIуэпэщ псэукIэ къыхуэзгъэпэщынымрэ я IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и къудамэм зэфIагъэкIхэр къэзылъытэну лэжьакIуэ гуп къыщрагъэпэщынущ.

Гулъытэ хэха хуащIащ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексхэм я лэжьэкIэр зыхуэдэм. А Iуэхущ1апIэхэм ящыщ языныкъуэхэр, абыхэм иджыблагъэ ящIахэри яхэту, тэмэму къагъэсэбэпыркъым. Апхуэдэ щытыкIэр къызэнэкIын зэрыхуейр къигъэлъагъуэри, КЪБР-м и Iэтащхьэм къигъэващ дэтхэнэ зы мыхъумыщIагъэри нэгъэсауэ зэпкрахыну.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков А.ТI. хуагъэуващ КЪБР-м СпортымкIэ и министерствэм и унафэщIхэм яхьын хуей жэуапыр иубзыхуну, республикэм Iэзэпщытэ-кIэзэбж и палатэм мы министерствэм ахъшэмрэ мылъкымрэ къызэригъэсэбэпыр къипщытэныр къызэригъэпэщыну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергей Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ щIым теухуа реформэр егъэкIуэкIыныкIэ лэжьыпхъэхэр зыгъэхьэзыр комиссэм и зэIущIэ.

Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентым и комитет щхьэхуэхэм, Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкур къэралым итхыныкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КЪБР-м щыIэм, республикэм и Жылагъуэ палатэм я унафэщIхэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЩIы Iуэхур нэхъ гугъухэм ящыщщ

Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентым и комитет щхьэхуэхэм, Ямыгъэ1эпхъуэ мылъкур къэралым итхыныкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КЪБР-м щыIэм, республикэм и Жылагъуэ палатэм я унафэщIхэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр зыгъэхьэзыр комиссэм и зэIущIэ.

Щ1эрэдж муниципальнэ районым мэкъумэш щIалIэхэр зыкъэрыщагъэсэгъэпым теухуауэ зэIущIэм доклад щищIащ район администрацэм и Iэтащхьэ Муртазов Б.С. Щ1ым и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иджыпсту щыIэ щытыкIэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ Эксперт-аналитикэ советым и унафэщI Тау П. КI.

Зэ1ущIэм хэтахэм зэхуаIуэтащ щIым пыщIа Iуэху зэIумыбзэр къызэнэкIынымкIэ зэфIагъэкIыпхъэу къалъытэрэр, абы хуэгъэзауэ адэкIэ комиссэр зэлажьынухэр яубзыхуащ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щIыналъэхэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м къыдигъэкIа унафэ №85-РГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм №38/УВ01-146-м щIэту 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 9-м къиГъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ:

1. «Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щIыналъэхэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м къищта унафэ №85-РГ-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и пункт 2-м и еплIанэ абзацым хэт «Прохладнэ муниципальнэ районымрэ Прохладнэ къалэ округымрэ я щIыналъэхэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «Прохладнэ муниципальнэ районым уэ зэрыщIалъэхэр къыщыхьея и щIыпIэм и хъуреягъкIэ километр 15-кIэ къыдекIуэкIыу» жиIэу.

2. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 12-м
№118-РГ

● Зэпеуэхэр

Адыгэ пщащэ нэхъ пажэр къыхах


Гран-При саугъэтыр зыхуагъэфэща Дыгъужь Сарэ

Ялэ увыпIэр къэзыхьа ЛIыгуащ1э Радимэ

Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм, Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм, Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм, «Адыгэ псалъэ» газетым зэгъусэу илъэс ещанэ хъуауэ ди республикэм къыщызэрагъэпэщ «Адыгэ пщащэ» зэпеуэр щэбэт кIуам Кэнжэ щекIуэкIащ. Мы гъэм абы хэтащ ди хэгъуэгум и район зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа хъыджэбзи 8.

Пащащэ тхьэпхудхэм ягъэлъэгъуащ я акъылым и жанагъэр, адыгэбзэм зэрыхуэщэрыуэр, лъэпкъ хабзэмрэ къафэмрэ зэралэпэгъур, адыгэ шхыныгъуэхэм я пщэфыкIэмрэ я сэбэныгаъмрэ зэращIэр, адыгэ тхьапхъэщIапхъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа бостейхэр, адыгэ фащэр я Iэпкъльэпкъым екIуу ящыгъуу утыкум зэритыр.

А псоми гупсэхуу кIэлъыплъа жюрим и къалэныр тынштэкъым, ауэ зэпеуэ цыхъукIэ, увыпIэхэр ягуэшын хуейти, мыр кIриКIуащ:

Гран-При саугъэтыр **Дыгъужь Сарэ** (Иорданием къикIыжауэ Налшык щопсэу, щоджэ) хуагъэфэщащ, япэ увыпIэр **ЛIыгуащ1э Радимэ** (Дыгулыбгъуей), етIуанэр **Къумахуэ Элинэ** (Лэскэн Етlуанэ), ещанэр **Щыдакъ Роксанэ** (Инарыкъуей) къахьащ. Къафэм и гуащэ хъуащ **Шэру Анжелэ** (Къармэхьэлэ), пщащэ нэхъ акъыл жану къыщIэкIащ **Мэлей Iэминэ** (Сэрмакъ), нэхъ щIыкIафIэу къалъытащ **Мамхэгъ Миланэ** (Шэджэм Езанэ), пщэфIэным нэхъ хуэIэззу къыхахащ **КIэщт Альбинэ** (Кэнжэ) сымэ.

Зэпеуэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ХэкIыпIэр къалъыхъуэу

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Уз зэрыщIалъэхэм япэщIэтыныкIэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт республикэ комиссэм и зэIущIэр.

● Дыгъуасэ

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм СПИД-мрэ нэгъуэщI узыфэ зэрыщIалъэхэмрэ япэщIэтыныкIэ и центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Иуан Маринэ тепсэлъыхьащ ВИЧ узыфэм зимыубгъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ ахэр егъэфIэкIуэн зэрыхуеймрэ.

Маринэ жиIащ Урысей Федерацэм ВИЧ узыфэр зыпкърыт цIыху зы мелуаным щIигъу зэрисыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым 1993 гъэ лъандэрэ а узыфэ зэрыщIалэр япкърыту цIыху 1254-рэ щатхащ, абы щыщу 305-р лIащ. Иуан Маринэ зэрыжиIамкIэ, я Iуэхущ1апIэм щакIэлъполъ узыфэ зэхуэмыдзэхэр яIэу сымаджэ 643-м. ВИЧ узыфэр яIэщ республикэм щыпсэу цIыху мини 100-м хуэзэу цIыхуи 149-м щIигъуэм. Апхуэдэ узыфэр яIэу нэхъыбэ дыдэр щатхащ Налшык къалэм, Прохладнэ, Май, Iуащхьэмахуэ районхэм.

Къэпсэлъам къыхигъащ СПИД-мрэ нэгъуэщI узыфэ зэрыщIалъэхэмрэ япэщIэтыныкIэ центрыр цIыху 310-м зэрытещIыхьар икIи поликлиникэ, лабораторэ къудамэхэр зэрыхэтыр.

- Иужьрей илъэситхум республикэм щыхэхъуащ ВИЧ узыфэр зиIэ цIыхухэм я бжыгъэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ ар ику иту процент 30-кIэ хэхъуащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а пIалъэм къриубыдэуи зыхэпщIэу нэхъ мащIэ хъуащ а узыфэхэм дазэрыпэщIэт хущхъуэхэр къыззрытщэху ахъшэу къыдатыр, - къыхигъащащ Иуаным.

2016 гъэм узыфэ зэрыщIалэхэм зэрапэщIэтыну хущхъуэхэр хъращэхуну федеральнэ ахъшэу республикэм см мелуани 10,73-рэ къыхуиутIыпщащ. Дыгъэгъаазэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри сом зы мелуанрэ мин 560-рэ къритащ. Мы зэманым а ахъшэмкIэ зэгурыIуэныгъэхэр зэтщIылIауэ хущхъуэхэр къытIэрихьэным дыпоплъэ. Ауэ, диIэ сымаджхэм я бжыгъэм тепщIыхьмэ, ари ирикъурщ. КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм федеральнэ Iуэхущ1апIэм сыт хуэдизрэ зыхуимыгъэзами, дызыхуеину къэдгъэльагъуэ ахъшэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуурэ йокIуэкI. 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 1-м ирихьэлIэу Iуэхур зытетращи, учётым щыт сымаджхэм я процент 16,5-м хущхъуэ яIэрохьэ. Ауэ иджыри дыхуэныкъуэщ цIыху 271-м еттыну хущхъуэ къыззрытщэхуным. Сымаджэу диIэ псоми хущхъуэкIэ дахуирикъун папщIэ, сом мелуан 32-рэ дыхуейщ, - дыщIигъуащ Иуан Маринэ.

Ар къытеувыIащ ВИЧ узыфэр зиIэхэр и чэзум къахутэн папщIэ, цIыхухэм анализ егъэтын зэрыхуейм. «Иужьрей илъэситхум зыхэпщIэу хэщIащ а Iуэхум трагъэкIуадэ ахъшэмэ. 2016 гъэм федеральнэ мылъкуу сом мелуани 2,68-рэ, республикэ ахъшэу сом мелуани 8,48-рэ хухахащ абы. Мы гъэм ди Iуэхущ1апIэм зи узыншагъэр кIыпщыта цIыхухэм я бжыгъэр процент 3,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ. Абы къыхэкIыу центрым и лабораторэм зедгъэужьыну кIыптпэщылъщ, ди къалэным дыпэлъэщын папщIэ», - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Мусуков Алий КЪБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэкоммунальнэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм пщэрылъ щащIащ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм федеральнэ Iуэхущ1апIэм сыт хуэдизрэ зыхуимыгъэзами, дызыхуеину къэдгъэльагъуэ ахъшэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ хъуурэ йокIуэкI. 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 1-м ирихьэлIэу Iуэхур зытетращи, учётым щыт сымаджхэм я процент 16,5-м хущхъуэ яIэрохьэ.

● Прохладнэ щIынатIэ

ИпэкIэ маплъэ

Прохладнэм и чырбыш заводым зы илъэсым чырбыш мелуани 100 къыззрыщIигъэкIынум хуэхьэзырщ.

IУЭХУЩIАПIЭМ хуэзфIэкIащ зэрылэжьа илъэси 4-м къриубыдэу Урысейм и сату щIапIэ утыку нэхъ инхэм ихьну.

Я лэжьыгъэр тэмэму сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэфIахым и фIыгъэкIэ заводым къэрал гулъытэ игъуэтащ. Абы къыщыщIагъэкIыр нобэ щащэху ди республикэми, гъунэгъу щIналъэхэми, нэхъ жыжьэIуэхэми. Иджырей мардэм тету къыщIагъэкI чырбышыр быдэщ, псынщIащ, зэмыфэгъу дахэхэщ.

Заводым и Iуэхур сыткIи егъэкIуатэ зэлэжь ятIэ лIэужьыгъуэфIхэр езы Прохладнэм и Iэгъуэблагъэм къызэрыщыщIахым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЗэхъуэкIыныгъэм и телъхьэхэр

Къыргъызым вэсэмахуэ щекIуэкIащ къэралым и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа референдум. Абы къриКIыхьэлIащ цIыху мелуан 1,2-рэ.

Къыхалъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм я телъхьэ хъуащ Iэ зыIэтахэм я процент 80-м нэблагъэр. Референдумым къриКIуахэм къару ягъуэтмэ, президентым и хуитныныгъэхэр яГъэмэщIэнущ, къэрал унафэр нэхъыбэу зыIэщIэлъынур премьер-министрыщ. А псом къадэкIуэу зэхъуэкIыныгъэхэр ялъэIэсынущ къэралым и хабзэхъумэ, хеящIэ IэнатIэхэми, прокуратурэми.

ЩытыкIэр зэрызэщIэплъэм къигъэгъэзвауэ

Корее Ипщэм зыхъумэныныгъэмкIэ и IэнатIэм доллар мелард 34-рэ тригъэкIуэдэну и мурадщ илъэс дызыхуэкIуэм. Ар къэралым и бюджетым и процентн 10-м нобл агъэ.

Мы къэралым и тхыдэм зэи къыщыхъуакъым апхуэдиз ахъшэ зыхъумэжьным щытрагъэкIуадэ. Дзэр зэщIэуэздэным хухахыр процентиплIкIэ нэхъыбэ ящIыну щытраухуам и щхьэусыгъуэр Корее Ищхъэрэмрэезыхэмрэ я гъунапкъэм щытыкIэр нэхъри зэрыщызэщIэплъэм къызэригъэгъуазэрщ. Я гъунэгъум и дзэхэм хэкъуэуэз зэрызагъасэм, ядернэ Iэщ1экIэ, ракетэхэмкIэ зэрызагъэльэщым ирихулIауэ, езыхэми зэрызахъумэжьным яужь итщ.

Дзэ къулыкъущIэхэм зэрыжаIамкIэ, ракетэхэм зэрапэщIэт THAAD системэр къэзКIыпIэмкIэ щыIэ Кенсан-Пукто провинцэм хыхьэ Сонджу щыпIэм щагъэувынущ. КНДР-м баллистическэ ракетэхэр къиутIыпщ хъужькъуэмэ, абы ахэр Iэщ1экIынукъым.



♦1642 гъэм Голландием щыщ, хым тету щIыпIэщIыпIэхэр къыщхэзыхыхъ Тасман Абель къихутащ Новая Зеландия щIыналъэр зэрыщIыIэр.

♦1920 гъэм Лъэпкъхэм я Лигэм Гаагэ къыщыщзэрегъэпэщ дунейпсо хеящIэ Iуэхущ1апIэ.

♦1926 гъэм Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы цIыхуу исыр бжын щIадзащ.

♦1949 гъэм Налшык щекIуэкIащ КъАССР-м и цIыхубэ ныбжьыщIэхэм я XI республикэ съездэ.

♦1989 гъэм Совет Союзым и Либерал-демократие партыр къызэрагъэпэщащ. Абы и унафэщIу хахащ Жириновский Владимир.

♦1991 гъэм Налшык щекIуэкIащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я съездэ.

♦1996 гъэм ООН-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ Аннан Кофи.

♦2000 гъэм Европарламентыр арэзы техъуащ тутын къыщIэзыгъэкIхэм хуагъэув мардэхэр гъэткIииным теухуа законопроектым.

♦Нэмыцэ усакIуэ, публицист, критик **Гейне Генрих** къызэрыхъурэ илъэс 219-рэ ирокъу.

♦Урыс усакIуэ, тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ, критик **Брюсов Валерий** къызэралъхурэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Плятт Ростислав** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Рыбников Николай** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Сенчинэ Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык къэшхъеусу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 5 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи ин жеIэ, уи цIыкIу гъэдаIуэ.

● Унагъуэ насып

Илъэс 50 гъцэгуанэ

Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди республикэм унагъуэ дахэ куэд исщ. Апхуэдэщ Бахъсэн районым щыщ Зеикъуэ къуажэм щыпсэу ГъыкIэхэ Хьэчимирэ Любэрэ. Узэгъусэу лIэщIыгъуэ ныкъуэ къуэзэбнэкIын папщIэ, уи зэхуаку дэлъын хуейщ лъагъуныгъэ, зэгурыIэныгъэ, пэжныгъэ. Аращ унагъуэ узынщэм и нэщэнэр.

ГъАЩIэ щыхъукIэ, гуфIэгъуи гузэвэгъуи, тыншыгъуи гугъуехь куэдми ущыхуоз. Абыхэм уащыпльэщыфынур акъылпрэ къарурэ уиIэмэщ. Хьэчимирэ Любэрэ я гъащIэм урилъэжмэ, тыншу щытекъым, ауэ ахэр хущIэкъуащ гъэзгу пэжым зэрытетыным, къызыхэкIахэм яхуэфащэу зэрыпсэуным.

Зэрыбынибл хъууэ къаныэри, езы Хьэчим сабий быдзафэу, и анэр дунейм ехыжащ. Сабий быныр пIыным и закъуэ зэрыпэмыльэщынур и благъэ-Iыхьлыхэм къыгурагъIуэри, и адэ КIураш щхьэгъусэу кърагъэшэж Къумыкъуэз япхъу Лилэ. Сабийхэм ар зэи ябжакъым анэзэпIэсу, апхуэдизкIэ щIыхуфIти. Зэанэкъиулъхуэкъм сыт щыгъуи я бзэгупэм телъащ Лилэ IэфIу пщафIэу, игъашхэу зэрыщытар, я щыгъынкIи я ещанэгъуэкIи ар къаззрыхуэсакъар.

Хьэчим къуажэ ещанIэр къиуха нэужь, механизацэм щыхурагъаджэу Бахъсэн дэт училищэм щIэтIысхьащ. Абы и ужькIэ 1960 гъэм ар ягъакIуэ Германием, дзэм къупыкъу щиищIэну икIи 1964 илъэсым и щIынальэм къегъэзэж. Жьы зыщIэт щIалэ жыджэрым, и къарум къитъэгурэрти, зрипщыятыр лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэм. Ар яхэтащ Терскол кIапсэ гъуэгур щызыщIахэм, Iуащхьэмахуэ потребзэгухьэнигъэм шофёр Iэзэу илъэс зыбжанэкIэ щыпхъащI.

ГъукIэм и гукъэкIыж нэхъыфIхэм ящыщщ Зеикъуэ къуажэ дэт 1-нэ ещанIэм автомобиль Iэзхуэзмкlэ егъэджакIуэу зэрыщылажьа илъэсхэр. Ар фIыуэ къалъагъурт сабийхэм, къыхуэзгъэзыт адэ-анэхэри. Гъуэгум лъэпощхьэпо куэд ущыхуэзэнкIэ Зеикъуэ дэт тхъукъуей зэводым щылэжьащ. Ар анэ гумызагъэщ, анэшхуэ гумащIэщ, цIыху зэтетщ икIи псэхьалэл зиIэщ. ГъукIэхэ я унагъуэм щIэсхэм сыт щыгъуи япэ ирагъэщхэм ящыщщ адыгэ хабзэр, нэмысыр, цIыхугъэр, я бынхэр Зыхуагъасэри аращ. Зэщхьэгъусэхэм зэдагъуэтащ бынищ: Хьусен, Хьэнифэ, МуIэед сымэ. Еджэным ГъэзгУ пэжым узэрыхуишэр зыщIыгурыIуэ адэ-анэм зэрыхъукIэ я бынхэр ирагъэджащ, зэрыпсэун Iэщ Iагъи бгъэдалъхьащ.

Быным я нэхъыжь Хьэсэнрэ абы и щхьэгъусэ Хьэлимэтрэ щIалиплI яIэщ, Абыхэм я къуэ пажэ Азэмэт КъБКъУ-м физико-математикэ къудамэр къиухауэ и Iэщ Iагъэм иролажьэ. А факультет дыдэм егупуу щоджэ я къуэ Мурати. Къыкlэтыкlыгъэ Асльэнщ. Ар щоджэ Кавказ Ищхьэрэм гъэздджэмкIэ и къэралинститутым. Я щIалэ нэхъыщIэ Тимур 11-нэ классым щIэсщ. Зэрыбынищ адэщхуэ-анэщхуэм я жьаумэ щIэтщ.

Хьэчимрэ Любэрэ я щIалэ нэхъыщIэр МуIэедщ. Ар унагъуэ щхьэхуэу мэпсэу. МуIэедрэ и щхьэгъусэ Мадинэрэ къуитI яIэщ. Дианэ КъБКъУ-м и юридическэ къудамэм щIэсщ, Радимэ фармацевту йоджэ.

Япхъу Хьэнифэрэ я мальхъэ Асльэнри унагъуэ дахэу мэпсэу. Абыхэм бынитI яIэщ - Андемыркъанрэ Сэтэнфэрэ. Андемыркъан КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэр къиухауэ, унагъущ, щIалэ цIыкIуитI иIэщ.

Жьыщхьэ махуэу залымтэж Хьэчимирэ Любэрэ. Абыхэм жаIэ: «Быным, абыхэм я быныжхэм я гуфIэгъуэ плъагъуу упсэун нэхъыфI щыIэкъым. Ди гур хагъахьуэ ди къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм. Абыхэм я екъулIэныгъэхэр щытлъагъукIэ къытфIощI ди гъащIэм хэхъуэу».

- Хьэчимирэ Любэрэ гъащIэ дахэ къызэдагъэщIащ. Ахэр къуажэдэсхэм къызэрагцIыхуэр цIыхугъэ, адыгагъэ зыхэлъхэущ, - жаIэ унагъэжьIэ я благъэу икIи я ныбжьэгъу гъэжхэу Мэрщэнкъулэх Хьэсэнрэ Лидэрэ. - ЛIэщIыгъуэ ныкъуэкIэ цIыхур зэгурыIуэу, зэрыльытэу зэдэпсэун папщIэ, зым и мызакъуэу, тIури зэхуэтэмакъкIыхьу, я кум фIыльаъгъуныгъэ дэлъу щытын хуейщ. Пэжщ, унагъуэм и жьэгу пащхьэр хьума хуэн папщIэ, къызэбнэкIын хуейщ гугъуехь куэд. А псоми пэлъэщащ Хьэчимирэ Любэрэ. Быным, абыхэм я быныжхэм къуат дэрэжэгъуэм псэщIэ къыпхилъхьэу къыпщохъу икIи ди гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм яIэщ щIэблэфI. Дохъуэхъу я къарумрэ я узынщагъэмрэ пэльэщу, абыхэм я гуфIэгъуэ ялъагъуу илъэс куэдкIэ яхэтыну.

Хьэчимрэ Любэрэ я насыпыр зэхуэзыша Хьэсэн ирогуфIэ апхуэдэ унагъуэ быдэ зэрыхъуам щхьэкIэ икIи жеIэ ахэр икIи благъэфIу икIи цIыху щыпкъэу къызэрыгъэгурыкIуэхэр.

Къуажэм дэс нэхъыжьхэм яныхъэщ Хьэчим. Абы и Iэхутхъэбзэр нос гъунэгъуэм благъэхэм я дежи, гуэвзэу машинэ хуэныкъуэр зэи игъэщIэхъуркъым.

Хьэчим «Къуажэм и нэхъыжьыфI» цIэр зэрехь. Абы къыхуэзарэзыщ зеикъуэдэсхэр. Къуажэдэсхэр, псом хуэмыдэу къуажапщэм щыпсэухэр, бжьамийхэм псы къыхрагъэшыну, ауэ ГъукIэхэ я унагъуэм абы текIуэдэну псори я пщэ далъхьэжри, гъуэгущхьэм деж псыр къыщыхрагъэшащ, хуиту цIыхухэр ирагъэфэну. Ильэс зыбжанэкIэ псыр апхуэдэу цIыхухэм къагъэсэбэпащ. ИужькIэ 2006 гъэм абыхэм я бжэIупэм деж псыкъуий къыщрагъэтIащ. ЩIымахуэм деж къуажэм кIрикIуэ бжьамийкIэр зэщIощхъэри, унагъуэхэм япсэхэр къыщимыж кхъуэу. Псым и Iэхуэр гугъу мэхъу. Ауэ къуажэдэсхэм ящIэ ГъукIэхэ я псыкъуийм ар зыпымычу зэрыщыIэри, хэти гу цIыкIукIэ, хэти пэгункIэ, хэти машинэкIэ яшэ. Псыр къэзыгъэсбэгъэнчи фIыщIэ ящI. Псыкъуийр иджырей Iэмэпсымэщ Iэхэмкlэ къызэгъэпэщащ, насосхэр тетщ, къэпIуантIэмэ, псыр кьюж. Къытэмэ, езы унагъуэрщ зэзыгъэпэщыжыр, уэздыгъэ уасэри зыми ирагъэтыркъым.

ГъащIэр куэду зэхэтщ. Уи щIалэгъуэм сыт умыгъэуназуами, уи жьыщхьэ пIэзтэжьныр, уи бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм я гуфIэгъуэрэ абыхэм я гулъытэрэ пльагъунэр уасэ зимыIащ.

Хьэчимрэ Любэрэ зэрызэдгъэпсэрэ мы гъэм илъэс бжьыгъэ дахэ зэрыхъур къалытэри, я бынхэм нэхъыжь Iумахуэхэр ягъэльэпIащ. Апхуэдэ унагъуэхэр иджырей щIалэгъуалэм я щапхъэ нэсщ.

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ Динарэщ.

● ЗэIущIэхэр

ЩIалэгъуалэр трагъэгушхуэ

Хабзэ хъуауэ, КъБКъУ-м илъэс къэс щокIуэкI «Прорыв» фIэщыгъэр зиIэ студент конференцыр. Абы и мурад нэхъыщхьэр университетым и студентхэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм ешэлIэныщ, щIалэгъуалэр инновацэ проектхэм тегъэгушхуэныщ. Иджырей конференцыр зыхуей хуэзэ къыхэгъэпэщыным лэжьыгъэщхуэ ирахъIащ университетым и Студент щIэныгъэ клубым. Студсоветым. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я советым хэтхэм.

КОНФЕРЕНЦЫР къыщыхэзIуахым къызэхэсахэм захуигъэзащ КъБКъУ-м щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор **Малкандуев Юсуф**.

- Нобэ ди ещанIэ нэхъыщхьэм щыдоублэ махуэ зыбжанэкIэ екIуэкIыну «Прорыв-2016» конференцыр. ЩIэныгъэм кууэ хыхьэну зи мурад дэтхэнэ студентым и дежкIи ар хъунущ япэ лъабакъуэ. Дызэрыщыгуаззэщи, мыпхуэдэ студент зэхьыхьэрэщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ иужькIэ къаззрыщыкI цIыху куэдым щIэдзапIэ яхуэхьур. Зи япэ къэхутэныгъэхэр утыку изыхьэ фэри сыныбохъуэхъу мы конференцыр щIэныгъэм и гуэзгу бгъуфIэм фытезышэну лъагъуэ фхуэхъуну, - къыхигъащIа ябы.

Конференцым зи лэжьыгъэ къезыхьэлIа студентхэр 80-м щIегъу. ЩIалэгъуалэм ирагъэкIуэкIа къэхутыгъэхэм къызэщIа-убыдэ унэтIныныгъэ куэд. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, физикэмрэ медицинэ физикэмрэ, математикэ, информатикэ, химие, биологиемрэ экологиемрэ, медицинэ, филологие, тхыдэ, экономикэ, социологие, философиемрэ политологиемрэ, егъэджэныгъэмрэ психологиемрэ, правоведение, инженер-техникэ Iэщ Iагъэхэр, архитектурэмрэ дизайнымрэ, журналистикэр.

Зыхьыхьэ унэтIныныгъэ елъытауэ, лэжьыгъэхэм секцэхэм щызэхэпльэнущ. НахъыфIу къальытэхэр къытрадзэнущ «Перспективэ» щIэныгъэ жырналым.

ГЕЛЯЕВЭ Марзиет,
КъБКъУ-м и пресс-IэнатIэм и лэжьакIуэ.

Рогов Геннадий Андрей и къуэм Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къулыкъур щхьэщыхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№165/1-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхуэкlэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 28-нэ статьям и пункт 7-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iэхуэкlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iэхуэкlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Езыр къыззрыпльэIуам къыхэкIыу унафэ къззыщтэхэм ящыщу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр къэмысу щхьэщыхьын Рогов Геннадий Андрей и къуэм.

2. Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм къыхэкIыжьам и пIэкlэ хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къыззрыIахыр хэIущIыну щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщтэн (мы унафэм щыIугъуу).

4. Мы унафэр щIыхьэ къыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №165/2-5-мкIэ къыщIащ

Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэкIыжам и пIэкlэ унафэ къззыщтэхэм ящыщу хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр кьеIыхыныкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ

Унафэ къззыщтэхэм ящыщу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхъэщахам къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэр къызэгъэпэщыным и Iэхуэкlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэIущIыну щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыщу Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр къаззрыIихыр.

Документэр мы хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 20-кIэ къыщIыIах мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, уэн №27, пэш №151. Телефонэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

Къардэн Татьянэ Пётр и пхъум унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур щхьэщыхьын и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№165/4-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхуэкlэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт къудзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iэхуэкlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iэхуэкlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Езыр къыззрыпльэIуам къыхэкIыу унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр къэмысу щхьэщыхьын Къардэн Татьянэ Пётр и пхъум, комиссэм хагъэхьэн папщIэ ДДПР - Урысейм и либерал-демократие парт политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм кьитIэльэгъуар.

2. Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм къыхэкIыжам и пIэкlэ хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къыззрыIахыр хэIущIыну щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщтэн (мы унафэм щыIугъуу).

4. Мы унафэр щIыхьэ къыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №165/4-5-мкIэ къыщIащ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэкIыжам и пIэкlэ унафэ къззыщтэхэм ящыщу хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр кьеIыхыныкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ

Унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхъэщахам къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэр къызэгъэпэщыным и Iэхуэкlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэIущIыну щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр къаззрыIихыр.

Документэр мы хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 20-кIэ къыщIыIах мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, уэн №27, пэш №151. Телефонэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

Рогов Геннадий Андрей и къуэм Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къулыкъур щхьэщыхьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№165/2-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхуэкlэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт къудзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iэхуэкlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iэхуэкlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Езыр къыззрыпльэIуам къыхэкIыу унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр къэмысу щхьэщыхьын Рогов Геннадий Андрей и къуэм.

2. Май щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм къыхэкIыжам и пIэкlэ хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къыззрыIахыр хэIущIыну щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщтэн (мы унафэм щыIугъуу).

4. Мы унафэр щIыхьэ къыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №165/2-5-мкIэ къыщIащ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэкIыжам и пIэкlэ унафэ къззыщтэхэм ящыщу хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр кьеIыхыныкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ

Унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхъэщахам къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэр къызэгъэпэщыным и Iэхуэкlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэIущIыну щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр къаззрыIихыр.

Документэр мы хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 20-кIэ къыщIыIах мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, уэн №27, пэш №151. Телефонэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

Соттаев Шэрэфий Къасым и къуэм унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур щхьэщыхьын и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№165/3-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхуэкlэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 6-м и «а» пункт къудзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iэхуэкlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iэхуэкlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Езыр къыззрыпльэIуам къыхэкIыу унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр къэмысу щхьэщыхьын Соттаев Шэрэфий Къасым и къуэм, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ партым и щIыналъэ кудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кьитIэльэгъуар.

2. Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм къыхэкIыжам и пIэкlэ хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къыззрыIахыр хэIущIыну щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщтэн (мы унафэм щыIугъуу).

4. Мы унафэр щIыхьэ къыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №165/3-5-мкIэ къыщIащ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэкIыжам и пIэкlэ унафэ къззыщтэхэм ящыщу хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр кьеIыхыныкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ

Унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхъэщахам къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэр къызэгъэпэщыным и Iэхуэкlэ» Федеральнэ законым и 26-нэ статьям и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм хэIущIыну щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэуэ хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр къаззрыIихыр.

Документэр мы хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 20-кIэ къыщIыIах мы адресымкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Ленин и уэрам, уэн №27, пэш №151. Телефонэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэ

Джаппуев Магомед Ибрэхьим и къуэм унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур щхьэщыхьын и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Унафэ

2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№165/5-5*

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я Iэхуэкlэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и пункт 8-м и «г» пункт къудзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и Iэхуэкlэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iэхуэкlэ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4-нэ статьям и Iыхьэ 4-м и «г» пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. ЗэрыIам къыхэкIыу унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къулыкъур и полномочиехэм я пIалъэр къэмысу щхьэщыхьын Джаппуев Магомед Ибрэхьим и къуэм, комиссэм хагъэхьэн папщIэ «Щхьэнтlэхэр» Урысей экологие партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и щIыналъэ кудамэм кьитIэльэгъуар.

2. Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм къыхэкIыжам и пIэкlэ хагъэхьэнум теухуауэ къыхалъхьэхэр къаззрыIахыр хэIущIыну щIын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ тхыгъэр къыщтэн (мы унафэм щыIугъуу).

4. Мы унафэр щIыхьэ къыбарегъащIэ Iуэхущ Iапlэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Муссэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм 2016 гъэм щэкIуэгъуэм и 28-м къыдигъэкIа унафэ №165/5-5-мкIэ къыщIащ

Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэкIыжам и пIэкlэ унафэ къззыщтэхэм ящыщу хагъэхьэн папщIэ къагъэлъагъуэ кандидатурэм теухуауэ къыхалъхьэхэр кьеIыхыныкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм и хъыбарегъащIэ

Унафэ къззыщтэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщыхъэщахам къыхэкIыу, «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ

● Хэкум и фIыгъуэхэр

Лъэпкъ пшынальэм и псынащхьэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом ди республикэм щIыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ хуиущIыр кууу ксыпхуэгъэлъэгъуэнукъым, абыр хорымрэ зэдэлажьэу кхакIуа гъэзугуанэм утемыпсэлъыхьу. Радиор къызэрызэIуахыу, ар лъэпкъ пшынальэм и псынащхьэ хъуат, джэгуакIуэхэмрэ уэрэдусхэмрэ я кхекIуэлIапIэт, ТхакIуэхэм, Композиторхэм я союзхэм лэжьэн щIадза нэужь - творческэ интеллигенцэм я зэхуэсыпIэт. А лъэныкъуитIыр ахъшэм кудзкIэ радиом зэпищIат. КъинэмыщIауэ, Художественнэ совет тыр пIалъэ хэхакIэ лажьэрт. Абы зы уэрэди къиштэртэкъым, зэрыжаIэщи, нэсу зыхуей хуэмызауэ. КIэщIу жыпIэмэ, радиомрэ хорымрэ зэрызэдэлажьэм щэнхабзэм и фIыгъуэ куэд кырикIуэрт. Апхуэдэу зэдэлэжьэн хуейуэ ягъэпсат хорыр къызэзыгъэпэща цIыху щыпкъэхэм, талант ин зыбгъэдэлъахэм.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорым 1951 - 1958 гъэхэм и дирижёру щыта Орлов-Шузьм Аристархэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым цIэрыIуэ дыдэ щыхъуа уэрэджыIакIуэ гупыр - хорыр - республикэ радиом сытым дежи ейуэщ зэращIэу щытар. Абы и статусым и фIэщыгъэр эфирым къыщыщаткIэ, е зыкъыщагъэлъагъуэ сценэм щыщыжаIэкIэ, РадиомкIэ комитетым и жьауэм зэрыщIэтыр къыхагъэщырт. Пэжщ, иужьрей илъэс тIощIырыпщIым хорыр а къэрал IуэхущапIэм бгъэдэлъащ, ауэ хорыр ящыщIэзрагъэпэща махуэхэм къыщыщIэдзауэ республикэм и унафэщIхэм ар зэи ябжу щытакъым радиом ейуэ, атIэ хъыбзэралъытари, и фIэщыгъэу дэфтэрхэм зэрыратхари «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хор» жиIэущ. Абы къегъэлъагъуэ уэрэд жыIэныр зи Iэщ1агъэ гупым ди щэнхабзэр, гъуазджэр къэIэтыныжмкIэ пщIэшхуэ хуащIу зэрыщытар.

Щэнхабзэм, гъуазджэм хуэлажьэ дэтхэнэ гупри къызэбгъэпэщыныр гугъущ. Ауэ, мэзыкэм дыхуеджауэ щымытми, жьитIэфыныщ хорыр зэтебгъэувэныр, макъ хуэдэр зыуэ щэщIауэ, зэуIуу, зэтехуэу, зэхэуэм пэIэщIэу бгъэIуныр нэхъ гугъуу зэрыщытыр. Ар кхьихоу хорым и тхыдэми.

ПIощIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм я пэщIэдзэм куэд дыдэрэ ирагъэкIуэкIырт зэчий зыбгъэдэлъ цIыхухэр, самодеятельнэ жьхуаIэ гупхэр, щызэпеуэ - олимпиадэхэр. Ахэр щызэхьихэрт Налшык, текIуахэр Ростов ягъакIуэрт, абы пэшэныгъэр къыщызыхьахэм Москва къапэлъэрт. Апхуэдэ зэпеуэхэм щытекIуэурэ япэу республикэ утыку къихьахэщ, иужькIэ гъуазджэм и лъагапIэри къащтащ пшынауэхэу Къашыргъэ КIурацэ, Малкандуевэ Сэкинат, Алъхъэс Хацерон, накъырапщэ Ашуров Танахум, къэфакIуэхэу Атэлыкъхъэ Асльэнджэрийрэ Мухьэмэдхьанрэ, Рахаев Екъуб, Лэкъун Жанусэ, Ульбашев Мутай. Апхуэдэ пшынауэ, къэфакIуэ Iэзэхэм яхэтыр уэрэдус-уэрэджыIакIуэ Къэжэр Индрис и закъуэт. Абыи къегъэлъагъуэ ансамблыр зэхуэшэсыныр гугъуу зэрыщытар.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я зыужьыныгъэм Iэзагъкlэ телэжьа, УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мыд Хьэжмусэ зэриталхакIэ, хорыр Къэбэрдей-Балъкъэрым 1933 гъэм и жэпуэгъуэ маазэм и 1-м къыщыщIэзрагъэпэщащ, «Къафэмрэ музыкэмкIэ ансамбль» фIэщыгъэр зиIэ гупу. Абы екъулIэныгъэкIэ зыкъыщигъэлъэгъуащ Совет Союзым и щIыпIэ куэдым, Москва, Киев, Къуэкlыпlэ Жыжьэм и къалэхэм, нэгъуэщIхэми. Зэманым кьигъуэват цIыхухэм я пащхьэм апхуэдэу Iэзэу зыкъыщызыгъэлъэгъуэн уэрэджыIакIуэ гуп республикэм иIэныр.

1937 гъэм и гъэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпажьэу щIидзащ хорым хэбгъэхэ хъуну щIалэхэмрэ хъыджэбхэмрэ къыхэхыныр зи пщэ далъхьа комиссэм. Ар кьалэн тынштэкъым икIи гъэзэщIа хъун папщIэ абы лэжьныгъэшхуэ къыпэщыытI. Комиссэр зыхунэсын хуейр куэдт, псори зэуэ хуэздэхьыртэкъыми, япэщIыкIэ яужь ихьащ Къэбэрдей къэрал хорыр къызэгъэпэщыным: щIалэрэ хъыджэбзу 60 Налшык щызэхуашэсащ, илъэсым щIигъукIэ музыкэм и альфбийм, хорыр зищIысым, макъ зэдэур зыхуэдэм, макъэкр зэрызэщхьэщыкIым, нэгъуэщI куэдми хурагъэджащ. Хорыр къызэрежьа щIыкIэм, абы и тхыдэр зыхуэдэм уриплъэжьным щэнхабзэм хуэгъэза мыхьэнэ иIэу къыщыгIпытакIэ, я щIэри тIэтынщ щIыхубз макъамэр гъуазджэм и лъагапIэкъэ ящыщ ящыщ. Абы ящыщ - Налшык щыпсэуурт. Абы лъэкI къигъэнакъым ди лъэпкъым и музыкэр дунейм къытехьэнымкIэ, абы зиужьынымкIэ. «ГъэщIэгъуэныратI, - щитхащ Шортэн Аскэрбий Щоджэнщыкlу Алий теухуа и гукъэкIыжхэм, - а композиторым и гъащIэр адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэзакъэм хэту ихьауэ къыпфIэщIырт, апхуэдизкIэ ди пшынальэхэм ар хуэшэрыуэти. Макъамэм и купщIэр дэнэ къэна, ежьуми зэрызэихьэжри, тхьэкIымэм кьыхуэмыуфыду езы макъамэ дыдэм зэрызигъаэзри кьыхуэубыдырт. Авраамовымрэ Алийрэ зэнэзэпсэу, хъуэпсэгъуэу ныбжьэгъуфI зэхуащIащ композиторым нотэм иритхауэ, зэригъэзэхуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щIэх-щIэхыуэрэ къит музыкэм, хорыр къызэгъэпэщыным, абы и репертуарыр зэхэлъхьэным ехьэлIауэ зэгъэсэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. ИтIанэ а тIур «зэщхь» ищIу гу кьабзэрэ псэ кьабзэрэ яIэт, щэнхабзэм, гъуазджэкэм, музыкэм я фIыпIэхэр щIыхубзм ябгъэдэлъхьэным тIуми я гъащIэр трауухат».

Творческэ къаруушхуэ ирихьэлIащ Щоджэнщыкlу Алий хорыр къызэгъэпэщыным. Усакlуэм Iэщ1алъхьат литературэ Iыхьэр, штатым хагъэхьат, уэрэджыIакIуэхэм ирагъэкIуэкI репетицэхэми, махуэ кьэс зэрыжаIэу, кIуэрт. Адыгэбзэкlэ япэ зэридзэкIат хорыгъэзэщIэн папщIэ совет композиторхэм ятха уэрэдхэм щIэлъ псалъэхэр. Адыгэбзэм кьригъэзэгъат урыс композиторт цIэрыIуэ Рубинштейн итха «Демон» зи фIэщыгъэ оперэм «Хьыджэбзхэм я хор» жиIэу хэт Iыхьэм и псалъэхэр. А Iыхьэм Алий хуабжьу, дыхьэхауэ елэжьат, сыту жыпIэмэ абы щыгъуэ мурад ищIакIэт «Кьызбрун» жыхуиIэ оперэр Авраамовым и гъусэу игъэхьэзырыну. Покровскэм зэриткьжьмкIэ, Щоджэнщыкlур икъуэкIэ гумызагъэу бгъэхьарт хорым и репертуарым хагъэхьэ уэрэдхэм щIэлъ псалъэхэр адыгэбзэ кьабзэм кьигъэтIэсауэ, дахэу, гурыIуэгъуэу, образнэу сытым дежи щытыным. Языныкъуэ псалъэхэр, жьIэгъуэхэр куэдрэ яхъуэжьырт, кьыщыхъу щыIэт уэрэдым и пкъым хэт зы псалъэ закъуэ жьIа зэрыхъуну щыкIэм щхьэкIэ щIалъхьат литературэ Iыхьэм и гъусэу ирагъэкIуэрт. Усакlуэр арэзы щыхъуэр псалъэр шэрыуэу, макъамэм екIуу къэгъуэта нэужьт. Нэхъ егупуу зытелжьыхьэр адыгэ уэрэдыжьхэрат. Мыхьэнэшхуэ иIэт ахэр хорым зэрагъэзащIэр эфирым зэрыщыIунум, сыту жьIэпмэ, радиом и фIыгъэкIэ лъэпкъым бгъэдэлъхьэжа хъурт уэрэдыжьхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къахIуатэ тхыдэр, абы япкърыIль пшынальэм и къарур.

Апхуэдэу зэдэлажьа нэужь, Алийрэ Покровскэмрэ Авраамовым дежи кIуэхэрт, хорым папщIэ композиторым игъэхьэзырахэм зэгъэсэу хэплъэхэрт. Гу нэхъ зыпытахэм ящыщт лъэпкъым и лIыгъэмрэ пэжагъыу хэлъымрэ къзэыуатэ «Андемыркъан» адыгэ уэрэдыжьыр. Авраамовыр пианинэм еуэу, Щоджэнщыкlу Алий «Андемыркъан» щедэIуам щыгъуэ, Шортэным игу кьызэригъэкIыжамкIэ, усакlуэм и нэгур, и лъэпкъым и тхыдэм зэрыригушхуэр, абы зэрыригапагр кьиуатэу, зэщIэхъуэпсыкIыр, и гущIэр нэхъ нэху хъурт, адыгэм и блэкIа зэманым нэхъ жьыджру ириплъэжьырт.

Къару куэд зрахьэлIа къэбэрдей къэрал хорыр гуфIэгъуэ пшыхькIэ кьызэIуахауэ щытащ 1938 гъэм мазаем и 1-м. Ди щэнхабзэм зэи кьыщымыхъуауэ, макъ куэду зэхэт цIыху гупышхуэм гъэхуауэ, зы мэскъалкIэ нотэкэм темыкIыу, адыгэ уэрэдхэр, адыгэбзэкlэ зэдзэкIа урыс, нэгъуэщI лъэпкъ уэрэдхэр зэдыжаIащ. Хорым едэIуэну цIыху куэд къекIуэлIат Пионерхэм я уардзунэм и залым. Унэм и щхьэр трач жьIпIэ, Iэгъауэшхуэ хуаIэтащ. Iэгу зыхуеуэр лъэпкъыбзэкlэ уэрэд зэрыIум и закъуэтэкъым, атIэ музыкэм, вокалым хуэIэзэ лъэпкъ профессионал гуп ехьулIэныгъэкIэ утыку кьызэрихьар арт. Куэд дэмыкIыу уэрэд зэмылIэужьыгъуэхэр ди хорым фIы дыдэу зэригъэзащIэр жьыжьэ щыIуащ. Москва, звукозаписымкIэ кьэрал фабрикэм ящыкIи Iэщ1агъэлI гуп кьэкIуащ. Абыхэм хорым игъэзащIэу адыгэ уэрэду бгъу ятхри, Москва здашащ. Къэбэрдей кьэрал хорым иIэ зэфIэкIыр ди кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ щIигъэлъэгъуэну щIидза къудейт, ауэ абы жиIэ уэрэдхэр Москва Союзпосо радиом адыгэбзэкlэ кьыщитырт. Ищхьэкlэ зэрыщыжьыIащи, усакlуэджэгуакIуэу радиом кьыхуеблагъэу зэрыщытам кьыдэкIуэу Хьэхъупащ Амырхъанрэ Сыжажэ Кьылпышкъуэрэ дэIэпыкъуэгъу хъуащ хорым и репертуарым адыгэ уэрэдыжьхэр хэгъэхьэнымкIэ.

Хорыр кьызэзыгъэпэщахэри, абы и унафэщIхэри, уэрэджыIакIуэу хэтхэри - псори зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, адыгэм зэрыжаIэщи, зым Iэпыхуэ зым кьищтэжу, зыр зыхуэныкъуэр адрейм кьыгурыIуэу, зэдзэIэпыкъуэ зэрыIыгъ гупу лэжьэн щIадзащ. Лъэпкъ пшынальэр профессиональнэ IвагапIэм хуэзэшэ щIыхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр яхуэIумахуэт, щIэ лъапIэхэр кьыфIащырт, псэупIэ унэхэр кьыхуагъэфащэрт. Езы творческэ интеллигенцэм зызэщIагъэкъуэжырт. КIэщIу жыпIэмэ, щIыхуэр псэ хьэлэлрэ гу хьэлэлкIэ щызэбгъэдэт зэмант.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я музыкэр егъэфIэкIуэным хуищIам папщIэ Авраамов Арсений тыгъэу ирагащ фэтэрышхуэ, пэшищ хъуу. Ар абы зы илъэс ныкъуэ щIэсакъым: кьратар игуэшыжащ. Зы пэшыр пшынауэуэрэдус икIи макъ дахэкIэ уэрэд жьзыIэ Къэжэр Индрис иритащ, адрейм хорым хэтхэу Уэрзэей ТIалибрэ Тхъэицыкlу Нартщауэрэ щIигъэтIысхьащ, ещанэр и кьуэм кьыхуигъанэри, езыр ЛУГ-м (городскым) дэт пэш цIыкIу дыдэм, зы гъуэлъпIэрэ зы пианинэрэ фIэкIа зыщIэмыхуэм, зыгъэзапIэ хуиту щумыгъуэтым, щIэтIысхьащ. Мис а зы щапхъэр урикъунщ хорыр зи Iэужь щэнхабзэ лэжьакIуэхэм хуащIу щыта пщIэр зыхуэдэмрэ езыхэм я зэхущытыкIэм гуапагъэрэ кьабзагъэу хэпльамрэ кьрибгъэлъэгъуэну.

Къэбэрдей кьэрал хорыр илъэсрэ ныкъуэкIэ пэжьа нэужь, шыщхьэуIуи и 3-м гуфIэгъуэ зэхьхьэкIэ кьызэIуахащ куэдрэ зыпэплъа Балъкъэр кьэрал хорыр. Абы кьызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ тематикэкIи жанркIи зэмылIэужьыгъуэ балъкъэр уэрэдхэмрэ советскэ композиторхэм я Iэдакъэщ1экI уэрэдхэмрэ. Балъкъэр хорым и япэ концертым хэтащ уэрэджыIакIуэ щIалэщIэ, иужькIэ цIыхубз артист цIэрыIуэ хъуа Отаров Омар. Ар цIыху щыпкъэт, Iэзагъыу тхьэм кьритам и гъусэу кьызыхэкIа лъэпкъым хьэлрщэн и лъэныкъуэкIэ фIыуэ бгъэдэлъыр зыхилъхьам хуэдэт.

1940 гъэм и бжьыкьэм Къэбэрдей кьэрал хорымрэ Балъкъэр кьэрал хорымрэ зэгуагъэхьажащ икIи, республикэм и Правительствэм кьыдиIэкIа унафэм ипкъ иткIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал хор» фIэщыгъэр иратри, зэгъусэу лэжьэн хуей зы творческэ гупу кьалъытащ.

Хэку зауэшхуэм иужь ильэсхэми Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал хорым кьикIуащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я щапхъэхэр щынэрылъагъу гъуэгуанэ. Кьэрал мыхьэнэ иIэу зы гуфIэгъуэ зэхьхьи, зы съэди, зы конференци Налшык щекIуэкIыртэкъым, хорымрэ абы и солистхэмрэ ирамыгъэблагъэу.

АтIэ, сыт кьызыхэкIар зи тхыдэ хьэлэмэтым щыгъуазэ фыхуэщIа хорыр димыIэжьныр, нэгъуэщI жьпIэмэ, сыт ар щIызэбграгъэкIыжар? Мы упщIэм жэуап щраткIэ, лъэпкъ творческэ интеллигенцэм и нэхъыбэм кьуанщагъэр зыбгъэдэлъу ежьалъытэр Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ телевиденэмрэ (къэрал хорыр щыIэжьа Iэнатlэхэм) я унафэщIхэрщ. Ауэ Iуэхур зыIутым, нэхъ тэмэму жьпIэмэ, зыIутам кууу укIуэцIрыпIа нэужь, гурыIуэгъуэ мэхъу хорыр «щIакъутэжам» нэгъуэщI щхьэусыгъуэ куэд зэриIэр. БгъущI гъэхэр щиух илъэсхэм рынокым «кьылъыс увыпIэр» быдэу иубыду, зиужьу, и мардэ ткIийхэр гъащIэм щигъэувэу щIидзащ. Псом ящхьэ кьытеуващ «къэвлажьи фыпсэуж» жьыхуIэ псалъэхэм кьарыкI мыхьэнэр: ар щрет зи лъэ ямыгъэуву къжьгкIа хьэрычэтыщIэу, е машинэ зыщI завод ину, уеблэмэ нэхъапэм щыгъуэ налог кьыхэкIэмкIэ зыпэгъашэу щыта республикэу. СССР-р, дуней псом щынэхъ лъэщ дыдэ къэралхэм хабжэу щытар, зэракъутэжам кьыхэкIкIэ экономикэ зэпыщIэныгъэ щыIахэм я нэхъыбэр кьэтIасхъэу хуежьащ. Экономикэр щыкъарууншэм деж, зэрыIуэщи, щэнхабзэми зиужьыркъым. ХорымкIэ дгъэзэжынщи, ВГТРК-м (Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием) а хорым и Iыхьэу илъэс кьэс кьиутIыпщ ахъшэм кIэричым-кIэричуэрэ, зы соми кьимыутIыпщыжьыхэ хъуащ. ВГТРК-м жиIащ: «Хорыр Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал уэрэджыIакIуэ гупу кьежьащ, Москва кьикI мылъкукIэ псэу щIыпIэ радиомрэ телевиденэмрэ дэрэ дызэдзаэрэзыуэ зэгъэр хорыр кьыфIытхами, иджы рынокыр кьэунэхуащ, уафэр гъуагъуэмэ, щхьэж и гуэн щеуэж зэманщи, ар республикэм ирыреIыгъыж. Абы жиIэ уэрэдхэр кьатын папщIэ сыт хуэдиз зэман фыхуейми фыдот, димыIэр ящхьэщ».

«Центрым лъэпкъ щэнхабзэхэм яхуищI гулъытэр дэнэ щыIэ?!» - жьпIэу упщIэ хэIэтыкIакIэ зыбгъэзэнути - хэт зыхуэбгъэзэнт? ЩIыпIэ радиомрэ телевиденэмрэ я унафэщIхэм къахуэнэжьыр, «хъунумэ, мы хорыр тхуэфхъумэ», - жаIэу ВГТРК-м елъэIунрати, ар ящIащ, ауэ зыри кьикIакIэм. Хорым и художественнэ унафэщIхэм, уэрэджыIакIуэ щIалэ зыбжанэм, радиожурналистхэм, редактор нэхъыщIхьэм жэрдэм щхьэпэ кьыхалъхьат: езы хорым кьэкIуэ щIэсакъым: кьратар игуэшыжащ. Зы пэшыр пианинэ, зэрыпсэун Iэмалхэр кьиргъэутыжыну. Ауэ абыи текIуэдэнур нэхъыбэжу кьышIидзащ: зэрыкIуэн автобус кьэщхьэун, я щыгъынхэр щIэуэ егъэдын, макъыщIэхэр кьыхэшэн, нэгъуэщIхэри. Ауэрэ, езы телевиденэмрэ радиомрэ адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ хэт программэхэр гъэмэщIэнымрэ чэзуэрэ кьалъыкъуэкIыу щIедзэ. Телеканал щхьэхуэ диIэн зэрыхуеймкIэ, радиор техникащIэ зэрыхуэныкъуэмкIэ проект ягъэхьэзырри, ди республикэм и унафэщIхэм ВГТРК-м я пащхьэ иралъхьэ. Мылькуу текIуэдэнур къэгъэутыгъуафIэтэкъыми, республикэм и министерствэ щхьэхуэхэмрэ ВГТРК-мрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ, республикэм телеканал щхьэхуэ кьыхуэщхьуным зэгъусэу мылъку хуащIуэнну. Ди радиомрэ телевиденэмрэ кьалъыкъуэкIа апхуэдиз гугъуехьым хорым и Iуэхур зэфIэхынымрэ IуигъэкIуэтащ, ар хъумэным ди щэнхабзэм дежкIэ мыхьэнэуэ иIэри щIыгъуу.

Республикэм и хорыр щыIэнуми щымыIэнуми теухуа псалъэмакъыр иужь дыдэу щекIуэкIар Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм творческэ интеллигенцэм щыщ цIыху цIэрыIуэ зыбжанэ кьызрихьэлIа и зэIущIэрщ. ГъэщIэгъуэныракъэ, абыхэм зылI кьаехэкIакъым, хорым кьикIуа гъуэгуанэ щэджащэр, КъБР-м пщIэрэ щIыхьрэ абы илъэс куэдкIэ кьызэрыхуихьар, дяпэкIи куэд зэрыхуэфIэкIынур кьызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиIэну.

Мис аращ пэжыр - ди щхьэм пщIэ зэрыхуэдмышIыжырщ, иужьрей зэрыдмыIэжыр зы унафэщIым е унафэщитIым я ягъэщ жьпIэнуракъым.

БлэкIар - блэкIащ, абы кьигъэзэжынукъым. Мы тхыгъэм кьалэмыр кьыщIыхуэтщтари зыгуэрым дыхуэшхьэну, е дгъэкъуэнэжну аракъым. Ауэ дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Къэбэрдей-Балъкъэр хорым и тхыдэмрэ абы иIэта гуащIэ инымрэ республикэм и пащхьэ щэнхабзэм кьрит дерсыр. А дерсыр кьыпкърокI вокал гъуэзэджэр зи мардэ лъэпкъ пшынальэр мыбгъунльэным сакъыу хуэлажь хор уиIэныр гъэпсыкIэ хъугъуэфыгъуэу зэрыщыпым.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат, электроникэ информацэхэмкIэ социолог, публицист.

КъБАССР-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым хэтхэу *(ижьыкIэ къыщыщIэдзауэ)* Сэрвас Светланэ, Жылокъуэ Мухьэмэдин, Кьардэн ХьэIишэт сымэ. *1962 гъэ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблыр.

Хорым хэтхэм Псыхуабэ зыщагъэпсэху. *1963 гъэ.*

● Щэнхабзэ

Фащэр зэрызэпкърылъымрэ лъэпкъ къафэхэмрэ ятеухуауэ

Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментыр и дзЫэпыкъуэгъуу «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым кӀуриут еджапІэм щІэс ныбжьыщІэхэм папщІэ концерт-лекцэхэр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ.

«КАБАРДИНКА» ансамблым хэтхэр ныбжьыщІэхэм ящытепсэлъыхьащ ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкІуэ фащэмрэ къафэхэмрэ я тхыдэм. Фащэр зэрызэпкърылъ Іыхьэхэм, къэфэкІэ лІэужьыгъуэхэм я хъыбархэм щыгъуазэ ящІащ еджакІуэ цІыкІухэр. Зи гугъу ящІ къэфэкІэхэри утыкум щагъэлъэгъуэжьырт къафакІуэхэм.

Илъэс еплІанэ хъууэ къыззрагъэпэщ Іуэхум мы гъэм Налшык къалэ и школакІуэ минитхум нэблагъэ хэтащ. Ансамблым и балетмейстер Битокъуэ Аслъэнбэч къыдэкІуэтей щІэблэм тхыдэм, хабзэм и дахагъэр ягурыгъэІуэныжьмкІэ, ахэр егъэщІэныжьмкІэ а егъэджэныгъэхэр хуабжьу щхьэпэу къелъытэ.

Ансамблым и унафэщІхэм къабгъэдэкІыу Битокъуэм фІыщІэ хуищІащ Іуэхур къызэрэпэщыныжьмкІэ сабэп къахуэхъуа Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Алэкъей Арсен.

Махуипщ1кІэ ирагъэкІуэкІа егъэджэныгъэхэм школакІуэ цІыкІухэм къахуэщхьэпэн куэд къызэрыхахам шэч хэлъкъым.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Еджапіэм зэрыщіэтІысхьэнум хуагъэхьэзыр

● Зэпеуэхэр

Зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмыса сабийхэр здэщыІэ Іуэхущ1апІэхэм я зэпеуэ щрагъэкІуэкІащ Бахъсэн районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм. Зэхьэзэхуэр унэтІыныгъитІкІэ гуэшауэ щытащ: «Зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмыса сабийхэм я дуней еплъыкІэм, акъылым зегъэужьыным хуэгъэпса лэжьыгъэ нэхъыфІ щрагъэкІуэкІ», «Егъэджэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфІ щрагъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэ».

НЭХЪЫЩХЬЭР пэшхэр екІуу зэлъыІухыным къыдэкІуэу, цІыкІухэм я къэухьым зиужьын папщІэ, ахэр щрагъаджэ пэшхэм къыщагъэсэбэпын хуей Іэмэпсымэхэмкіэ тэмэму къызэрэпэщыныр. Къэпщытакіуэ гупыр лэжьыгъэхэм щыхэплъэм наІуэ къэхъуащ, мы Іуэхум зыхуагъэхъэзырКІэрэ, сабий садхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху щхьэпэ куэд зэрырагъэкІуэкІар, пэшхэм щІэт Іэмэпсымэхэр нэхъыфІкІэ зэрахъуэжьыным, абы и кІуэцІыр нэхъ дахэу я гъэІэрэщІэным зэрыхущІэкъуар. Къыхэгъэщыпхъэщ мы Іуэхум адэ-анэхэри зэрыхэтар.

Егъэджэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфІ щрагъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэхэм щызэфІах Іуэхухэр къэрал стандартыщІэм (ФГОС) тетт. Дерс зэІуахэм щІэс сабийхэр зэми таурыхым къыщыхутэрт, зэми нэгуэныжьу зекІуэ ежьэхэрт, е, къэхутакІуэ дыдэхэм хуэдэу, Іуэхум хэша хъурт. Зэхьэзэхуэм хэтхэм къагъэсэбэпар узыншагъэм зэран хуэмыхъу Іэмэпсымэхэрщ, купщІэ хэлъу, зэман хуагъэувами къитІасэу я лэжьыгъэр гъэпсауэ щытащ.

Зэпеуэхэм щІэныгъэ куу зэрабгъэдолъыр, зыпэрыт Іэнатіэр фІыуэ зэралъагъур Іупщ1т. Псори фІы защІэ пэтми, къэпщытакІуэхэм «егъэджэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфІ щрагъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэу» къалъытащ Къулъкъужьын дэт 4-нэ, Исрльэмей дэт 1-нэ, 4-нэ школхэр.

«Зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмыса сабийхэм я дуней еплъыкІэм, акъылым зегъэужьыным хуэгъэпса лэжьыгъэ нэхъыфІ щрагъэкІуэкІ Іуэхущ1апІэу» къалъытащ Іспэмей дэт 4-нэ, Къулъкъужьын дэт 1-нэ, Зеикъуэ дэт 2-нэ еджапІэхэр. Гуп нэхъыжьхэм зэрадзлажьэ Іэмалхэмкіэ пашэныгъэр яубыдащ Къэсейхьблэ дэт 3-нэ, Исрльэмей дэт 4-нэ школхэм, Къубэ-Табэ къуажэм дэт пэщІадзэ еджапІэ-сабий садым. Гуп зэгъуэгъэм зэрадзлажьэ Іэмалхэмкіэ псоми ефІэкІащ Исрльэмей дэт 3-нэ, Къулъкъужьын Ищхьэрэ дэт 4-нэ школхэр.

БЭЛАГЪЫ ФатІимэ.

Хьэткъуэ Мариан и Іэдакъэщ1эк1Іхэр

«Гранд Кавказ» хьэщІэщым гъэлъэгъуэныгъэ щІэщыгъуэ къыщызэІуакІащ. Абы утыку къыщрахьащ Сирием и къалащхьэ Дамаск къиІэпхъукІыжа ди хэкуэгъу Хьэткъуэ Мариан и гобеленхэр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

2012 гъэм адэжь щІынальэм къэІэпхъуэжа Мариан декоративно-прикладной гъуазджэм дехьэх. Гобеленыр зэращІым и щэхухэм езыр-езыру зыхигъэгъуазэри, ищІын щІидзащ. Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ Мариан и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэ 26-рэ. Зи теплъэкІи, плъыфэкІи, хиухуэ-на дамыгъэхэмкІи, сурэтхэмкІи зэщхьэщыкІ дэтхэ- нэ и зы лэжьыгъэри удэ- зыхьэхщ, нэр зыгъэгъуфІэщ. Псом хуэмыдэу уасэ зимыІэщ адыгэ лъэпкъ дамыгъэхэр зыхиухуэна и лэжьыгъэ щхьэхкІэплъыкІэхэм пэш блынкэр ирибгъэдэхэну, саугъэт папщІэу цІыхухэр ирибгъэгуфІэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель Хьуажь Фахъри и псалъэм къыхигъэщащ Мариан и Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэр утыку къызэрыриІыкъар гуапэ зэрыщыхъуар, абыхэм цІыхухэр гъащІэм и дахагъэм, фІым, къабзагъэм, гуъэзджэм зэрыхуауэзэщІыр.

СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэм, и унафэщІым и къуэдзэ Леонтьевэ Нинэ жиІащ щІэупщІэ зиІэу ижь-ижьыж лъандэрэ къеІэпхъуэжьа гобеленым уелэжьын папщІэ шыІэныгъэшхуэ убгъэдэлъын зэрыхуейр, абы зэманыШхуэ зэрытекІуадэр. Ар Мариан ехъуэхъуащ и зэфІэкІхэм хигъэхъуэну икІи кІрихьэлІахэр къыхуриджащ я унэхэр гобеленхэмкІэ ягъэдэхэну.

Мариан и щхьэгъусэ Соснакъ Ибрэхьимэ гъуазджэм и цІыхуш, скульпторщ. Марианрэ Ибрэхьимрэ зы щІалэрэ зы хъыджэбзрэ къащІохъуэ. Ибрэхьим и къуэш Мухьэмэд адыгэ бгырыпхэхэр, бгъэІулъхэр, лъэпкъ фащэхэм ехьэлІа нэгъуэщІ хьэпшып дахэхэр егъэхьэзыр. Ахэр я щапхъэщ хамэ къэралхэм къиІэпхъукІыжа ди лъэпкъэгъуэхэм Урысейм щыІэ гъащІэм зэрызыхагъэзагъэм, лэжьыгъэм, дахагъэм я гур зэрыхуэхъабзэм.

Мариан Дамаск дэт къэрал университетым инджылыз литературэмкІэ и факультетыр 2004 гъэм къиухащ. Ар журналистщ. «Музыка Сирии» электрон журналым и «Гъуазджэ» къудамэм и редактор нэхъыщІхьэу 2006 - 2007 гъэхэм лэжьащ. Кувейтым, Сирием къыщыдэкІ художественнэ журналхэм папщІэ зэриджэкІащ гъуазджэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ. КъищынэмыщІауэ, щэнхабзэмкІэ Интернет сайтхэм ядолажьэ. Газетхэм папщІэ зыбгырыпыбзэкІэ рассказхэр, Сирием и театрым щагъэзэвыну спектаклхэм я сценарий зыбжанэ итхащ. Иужь дыдэу и Іэдакъэ къыщІэкІар зауэм триухуащ. Мариан и щІэныгъэм зэпымыууэ хегъахъуэ. Урысыбзэр зригъащІэри, КъБКъУ-м и журналистикэ къудамэм и магистратурэр 2014 гъэм къиухащ.

- Гъащ1эм куэд зэрыщызэзэгъэхъулІэным сыхущІокъу: журналистикэм ехъулІэныгъэхэр сыщиІэну, рассказхэмрэ пьесэхэмрэ стхыну, зэздзэкІыну, дэрбзэр Іэщ1агъэм зыхэзгъэгъуэзэну сыхуейщ. Гъащ1эр езыгъэфІакІуэ, нэхъри зыгъэдахэ Іуэхугъуэ псоми сыдахьэх. Гумрэ псэмрэ щыщ Іыхьэ зыхэлъ гъуазджэ хьэпшыпхэмкІэ цІыхухэм уащыхуэупсэкІэ, псэкІэ нэхъ гъунэгъу уахуохъу, - жеІэ Мариан.

Хьэткъуэ Марианрэ и щхьэгъусэ Ибрэхьимрэ фІыщІэ хуащІащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщыныжьмкІэ къадэІэпыкъуахэмрэ абы кърихьэлІахэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Шыбзыхъуэ Астемыр** *трихащ.*

● Тхыгъэщ1э

«Зауркъан и дыщэ фалъэ»

Усакіуэ, тхакіуэ Хьэту Пётр апхуэдэу зыфІищащ тхылъыр «Іуащ1ьэмахуэ» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ.

ТХАКІУЭМ зэхилъхьа таурыхъэхэмрэ хъыбархэмрэ щІэблэр гъащІэм хуэзыуІущий дерс щхьэпэхэмкІэ гъэнщІащ. Таурыхъ къэс, зэрыхабзэу, фІыр ем щыпсІкІуэ, адыгэм пщІэ лей зыхуащІ нэхъыжьхэм я ущием «тІуащІибл щызэпащІэ», пэжым бжьыпэр щеубыд. Аращ таурыхъым и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытыпхъэри.

Адыгэбзэ зэгъэкІуакІэ тха тхылъым и кІыхьагъкІэ ущрохьэлІэ куэдым яІэщІэхужу хуежьа псалъэхэмрэ псалъэуха ухуэкІэхэмрэ. Абыхэми удахьэх.

«Шу закъуэ Аслъэнбэч», «Зауркъан и дыщэ фалъэ», «Вындыжь хуамыгъэдэха лъэІу», «Пшынауэмрэ шейтІанымрэ» тхыгъэхэр зэрыгъэщІэгъуэным къищынэмыщІауэ, зыкІи узыпэмыплъа кІэух яхуищІащи, таурыхъэр щІэщыгъуэ дыдэщ.

Сабийхэм я къэухьым сыткІи къеззгъэ сурэт нурыбзэкІ, языныкъуэ едзыгъуэхэм дахащэу хэухуэна дзапэ уэрэдхэр ди цІыкІухэм гунэс зэращыхъунум шэч хэлъкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Кадетхэм я хьэщІащ

КъБР-м щыІэ МВД-м и деж щылажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ Балъкъыз Валерэ щыІащ Хьэтіохъэщы-къуей къуажэм дэт кадет школ-интернат №1-м.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм ведомствэхэм зэдай комиссэ къызэригъэпэщам и лэжьыгъэм хиубыдэу Къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист Балъкъыз Валерэ щыгъуазэ зиІащ школ-интернатым еджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр къызэрыщызэрагъэпэщым. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист цІэрыІуэр инджылызбзэ, математикэ, физкультурэ дерсхэм щІэсащ, еджапІэм и спорт пэшыр, библиотекэр, музейр зригъэлъэгъуащ.

- Классхэр къабзэщ, шхапІэм плІэ щагъашхэ, я пщІантІэ утыкум дахэщ, кІэщІу жьытІэнщи, псоми я нэІэ зэрытетыр зыхьбощІэ, - жиІащ Балъкъыз.

Интернатым и унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ щепсалъэм Балъкъыз Валерэ къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэм и егъэджакІуэхэр я гъэсэнхэм щІэныгъэ яІэным, я Хэкур фІыуэ яльагъуным зэрегугъум гу зэрылъыптэр.

Балъкъыз епсэльащ школым щеджэхэм, зыщигъэгъуэзащ абыхэм я гурыгъу-гурыщІэхэм.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Пашэхэм зы яхощІ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ. Абы иужькІэ пашэныгъэр зыІыгъ командэхэм зы яхэщІащ.

ТОП дигъэкІахэмрэ къыхудагъэкІахэмрэ зэрызэхущытым и фІыгъэкІэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыуІыда Налшык и «Спартак»-р зэуэзэпсэу еплІанэ увыпІэм нэс къекІуэтэхащ, кьалакщхьэм и «Спартак»-м къызэрыхигъащІэу. Абы и хьэрхуэрэгъуэ Іэмал игъуэтащ турнир таблицэм и «гупкІэм» къыщхьэщыкІуэтыну.

ЩІымахуэ чемпионатым пашэныгъэр щызэдаубыдащ япэ джэгугъуищмк щытекІуахэу «Звезда»-м, «Школ №31-Русгидро»-м, «Къэхъуным». Ахэр иджыпсту зэрызэщхьэщыкІыр топ дагъэкІахэмрэ кьыхудагъэкІахэмрэ зэрызэхущытыращ. Абы щыгъуэми къэхъунДэсхэм я закъуэщ мы зэхьэзэхуэм иджыри къэс си гъуэр хамыгъэщІэфар.

Уэзмыса Іуэхугъуэщ «Автозапчасть»-р иужь дыдэ увыпІэм щыту плъагъуныр. Арщхьэкіэ зэхьэзэхуэм щІидза къудейщ икІи зэхъуэкІынныгъэ Іэджи турнир таблицэм дяпэкІэ зэригъэтынум шэч хэлъкъым.

ЕтІуанэу зэкІэлъхьэужьу кьыхагъэщІащ Къбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионыр. «Мурбек»-м иджы къефІэкІащ «Ансар»-р.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ ещанэ джэгугъуэм къриКІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: «**ГорИс-179 Кавказкабель»** (Прохладнэ) - «**Спартак-Налшык-2000**» (Налшык) - **0:0**, «**Спартак**» (Налшык) - «**Спарта**» (Налшык) - **2:1**, «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «**Звезда**» (Налшык) - **3:5**, «**Велес**» (Къэрэгъэщ) - «**Къэхъун**» (Къэхъун) - **0:2**, «**Мурбек**» (Налшык) - «**Ансар**» (Налшык) - **0:2**, «**Союз-Сэрмакъ**» (Налшык) - «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - **2:0**, «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - «**Шагдий**» (Зеикъуэ) - **3:1**, «**Школ №31-Русгидро**» (Налшык) - «**Къулъкъужьн-Тэрч**» (Къулъкъужьн) - **1:0**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2016 - 2017 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Звезда»	3	3	0	0	9-3	9
2.	«Школ №31-Русгидро»	3	3	0	0	6-1	9
3.	«Къэхъун»	3	3	0	0	4-0	9
4.	«Спартак-Налшык-Д»	3	2	1	0	5-2	7
5.	«Спарта»	3	2	0	1	9-4	6
6.	«Ансар»	3	2	0	1	4-4	6
7.	«Союз-Сэрмакъ»	3	1	1	1	4-4	4
8.	«Мурбек»	3	1	0	2	3-4	3
9.	«Шагдий»	3	1	0	2	4-7	3
10.	«Къулъкъужьн-Тэрч»	3	1	0	2	3-3	3
11.	«Спартак»	3	1	0	2	5-7	3
12.	«Горис-Кавказкабель»	3	0	2	1	4-5	2
13.	«Спартак-Налшык-2000»	3	0	1	2	1-3	1
14.	«Велес»	3	0	1	2	2-5	1
15.	«ЛогоВАЗ»	3	0	1	2	6-11	1
16.	«Автозапчасть»	3	0	1	2	2-8	1

КІэлъыплъакІуэхэр бэлэрыгъынукъым

Илъэсыщ1эр щагъэлъэпІэну мазухэхэм къриубыдэу (2017 гъэм и щІышылэм и 13-м нэсыху) ди щІынальэм тк1ийуэ щыкІэлъыплъынущ икІи щетхьэкъуэнущ хабзэм къемызэгъыу псейхэр къизыупщІыкІэхэм.

ИЛЪЭС псом къриубыдэу псейр зэрыхэхъуэр сантиметри 2 къудейщ. Къэлъытэгъуэйкъым ахэр къзбгъэкІын папщІэ зэманрэ къарууэ текІуадэр зыхуэдизыр. Псеи, уэздыгъей жыгхэр нэхъыбэу хэзысэ «Горэленхоз», «Декоративные культуры» Іуэхущ1апІэхэм ящыну илъэсыщІэ псейхэм дамыгъэ тращІэ. Абы къыхэкІыу къадыгъуааэ сату щІыпІэхэм щахуэщэнукъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэбІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хитныныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **Къумахуэ Аслъэн,** *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Бецто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1857